


Vil New York

Pwogram Entèvansyon Bonè

pou Tibébe ak Jèn Timoun ki Gen
Reta nan Developman oswa yon
Andikap

Èd Bonè[®] Enpòtan.



NYC
Health

Tibebe ak jèn timoun yo aprann epi devlope yon fason ki differan. Yon timoun ka pale pi ta. Yon lòt timoun ta ka mache pi bonè.

Ou ka gen enkyetid ke ptit ou, oswa ke yon timoun ou byen renmen, gen difikilte pou l pale, chita, kenbe ekilib li, rale, mache, manje, jwe oswa konprann enstwiksyon ou ba li.

Petèt tibebe ou te fèt bonè oswa li piti anpil. Petèt li montre li pa twò enterese nan ou oswa nan lòt moun. Petèt doktè ou te di ou ptit ou gen sendwòm Down, paralizi serebral, otis oswa yon andikap nan devlopman li.

Lè timoun yo jwenn èd pou reta oswa pou andikap bonè, yo gen yon pi bon chans pou yo bay plis rannman. Ekip Pwogram Entèvansyon Bonè a la pou asire tibebe ou byen derape nan lavi li.



Pi Bonè, Pi Bon

Si ou gen yon timoun ki poké gen 3 zan epi ou panse li ka gen yon reta oswa yon andikap, Pwogram Entèvansyon Bonè a kapab ede ou.

- ➊ Toudabò, n ap mete yon Kowòdonatè Sèvis adispozisyon ou pou ede ou avèk pwosesis Entèvansyon Bonè a.
- ➋ N ap analize ptit ou avèk anpil atansyon pou konnen si li gen nenpòt reta epitou si li kalifye pou Pwogram Entèvansyon Bonè.
- ➌ Si ptit ou kalifye pou Entèvansyon Bonè, n ap travay avèk ou pou prepare yon pwogram espesyal pou ede ptit ou.
- ➍ Espesyalis terapi Entèvansyon Bonè yo ak pwofesè yo ap pase tan avèk ou, avèk ptit ou e avèk fanmi ou—lakay ou, nan sant gadri ptit ou, oswa avèk bebisitè ptit ou—pou ede ou aprann kijan pou ede ptit ou.
- ➎ N ap ba ou kèk ti konsèy pratik, epitou n ap sijere ou kèk fason pou ede ptit ou, n ap itilize woutin fanmi w fè chak jou pou nou gen pi bon rezulta posib yo.
- ➏ Lè ptit ou pare pou kite Entèvansyon Bonè lè li rive gen twazan daj, n ap ede ou kreye yon plan tranzisyon pou jwenn sèvis ki bon pou ou ak ptit ou.

Pwogram Entèvansyon Bonè a ap sipòte ou nan chak etap pwosesis la!



**Si ou panse pitit ou ka gen yon reta oswa
yon andikap, gen èd ki disponib.**

**Jwenn plis enfòmasyon sou
Entèvansyon Bonè.**

Pale avèk doktè ou, **rele 311** pou mande pou
Entèvansyon Bonè (Early Intervention), oswa ale
sou sitwèb **nyc.gov/health/earlyint**.

**Sèvis Entèvansyon Bonè se sèvis ki konfidansyèl, volontè ak gratis pou
fanmi yo,* kèlkесwa revni yo, sitiyasyon imigrasyon yo oswa kondisyon
asirans yo.**

*Si ou gen asirans sante, tankou Medicaid, n ap itilize li pou peye pou sèvis Entèvansyon
Bonè san ou pa gen pou peye anyen.